

Pwogram MBI-WPD ofri moun andikape k ap travay yo chans pou yo achte pwoteksyon swen sante Medicaid. Pwogram Medicaid Buy-In travay anpil tankou nenpòt pwogram asirans. Pou kounye a, yo p ap fè ou peye frè pa mwa pou pwoteksyon sa a, men, pidevan yo ka mande ou pou peye yon frè chak mwa. Kantite lajan frè pa mwa a ap baze sou revni ou.

Pou kalifye pou pwogram Medicaid Buy-In, ou dwe:

- Gen sètifica moun andikape yo bay nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) oswa Ekip Revizyon Medikal Leta oswa Konte a.
- Ap viv nan Eta New York
- Gen omwen laj 16 zan men mwens pase laj 65 kan, epitou ou dwe se yon Sitwayen, yon Nasyonal U.S., yon Ameriken Natifnatal oswa yon Imigran ki gen kondisyon imigran ki satisfezan.
- Travay nan yon pòs travay peye kote yo peye tout taks leta ak taks federal anvígè sou revni ak pewòl (Pa gen yon egzijans pou moun note peman taks ki anvígè yo ankò pou moun nan montre aktivite travay ki akseptab)
- Satisfè limit revni ak resous (gade anba la a)
- Pe ye yon frè pa mwa, si li obligatwa

Si ou te aplike pou Èd Medikal, anplwaye depatman sèvis sosyal lokal fè ou konnen si ou satisfè kondisyon pou kalifye pou pwoteksyon Medicaid okonplè anba pwogram MBI-WPD. Ou patisipe nan pwogram sa a si ou vle.

PREPARASYON BIDJÈ

Nou utilize règ espesyal pou preparasyon bidjè (ki rele metodoloji) pou kalkile kantite lajan *revni* ak *resous* ou n ap konte pou nou deside si ou kalifye pou pwogram MBI-WPD. Nou p ap konte tout revni ak resous ou yo. Gade seksyon **Revni** ak **Resous** ki anba la a pou jwenn yon eksplikasyon.

REVNI

Paske nou utilize règ espesyal pou preparasyon bidjè, kantite lajan revni ou nou konte a ka pi piti nèt pase revni ou anvan dediksyon. Revni se nenpòt sa yon moun resevwa ki kapab sèvi pou achte manje, rad oswa abri. N ap konsidere tout revni ou (sa ou touche ak sa ou touche san travay). Si madanm/mari ou pa andikape, nou ka konsidere revni li tou.

Egzanz revni ou touche nan travay se salè pa èdtan, salè, ak konpansasyon pou travay kote ou resevwa konpansasyon finansye epitou kote yo tout taks leta ak taks federal ki anvígè sou revni ak pewòl. Egzanz revni ou touche san travay se andikap nan Sekirite Sosyal oswa avantaj retrèt, enterè, oswa dividann. Revni nou konte apre nou aplike règ espesyal pou preparasyon bidjè a rele revni nè.

Anba pwogram MBI-WPD, si revni nè ou pi piti pase 150% FPL, w ap resevwa pwoteksyon Medicaid okonplè san ou pa peye yon frè pa mwa. Si revni nè ou egal a oswa pi plis pase 150% Nivo Federal Povrete (Federal Poverty Level, FPL), w ap gen pou peye yon frè pa mwa pou pwoteksyon an. Si revni nè ou depase 250% FPL, n ap detémine ou pa kalifye pou Medicaid anba pwogram sa a.

Peman yon prim p ap nesesè nan moman sa a. Men, pidevan Medicaid Eta New York ka aplike yon peman frè pa mwa si revni nè ou ant 150% ak 250% Nivo Federal Povrete. N ap voye yon avi ba ou lè egzijans pou peye frè pa mwa vin anvígè.

Si ou deja gen Medicaid gratis paske ou kalifye nan yon lòt pwogram (tankou moun k ap resevwa Revni Sekirite Sosyal (Social Security Income, SSI), oswa moun ki nan 1619 (a) or (b) pwogram), nou p ap konsidere ou pou Medicaid anba pwogram MBI-WPD. Si w ap resevwa pwoteksyon Medicaid avèk yon spenddown, w ap gen chwa pou rete nan pwogram spenddown oswa pou chanje pou antre nan pwogram MBI-WPD.

LIMIT RESOUS

Nou itilize kantite lajan resous yon moun genyen tou pou deside si moun nan kalifye pou pwogram MBI-WPD. Yon resous se nenpòt sa yon moun posedè ki kapab konvèti an lajan kach pou achte manje, rad oswa abri. Egzanp resous yo gen ladan kont kouran oswa kont epay, byen imobilye, oto, bato, oswa lòt veyikil, aksyon, ak obligasyon. Pou kalifye pou pwogram Medicaid Buy-In, yon moun ka gen resous nou kapab konte jiska \$20,000 dola. Men, paske yon nou itilize yon bidjè espesyal, nou pa konte sèten resous. Gade seksyon apre a pou jwenn resous nou ta ka pa konte yo.

EGZANPSYON, ESKLIZYON, DEDIKSYON, AK SA POU PA OKIPE

Nou ka itilize mo: egzanpsyon, sa ki pa ladan, dediksyon, ak enkonsiderasyon pou dekri kantite lajan oswa valè resous nou soustrè nan revni total yon moun pou kalkile revni ak resous ki *kapab konte* pou moun nan. Kèk egzanp nan sa yo gen ladan \$20.00 dola nou retire nan revni ou touche san travay, \$65.00 dola nou retire nan revni ou touche nan travay (plis $\frac{1}{2}$ rès nou retire nan revni ou touche nan travay), yon otomobil nou pa konte kòm resous, elatriye.

NÒT:

- Kopeman yo: Kèk sèvis Medicaid gen yon ti kopeman. Nou ka bay sèvis sa yo avèk kat Medicaid ou oswa avèk plan swen kontwole ou si ou enskri nan swen kontwole. Ou p ap gen yon kopeman si ou nan yon plan swen kontwole.
- Swen Kontwole: Se sèl moun ki aplike ki gen yon revni ki anba 150% Nivo Federal Povrete ki kalifye pou patisipe nan yon plan swen kontwole avèk pwogram MBI-WPD.
- Ou gen obligasyon pou fè nou konnen si revni ou chanje. Ou ka rele depatman sèvis sosyal lokal ou.